Gid Pratik pou:
# (TLC UP)
Pòtay Telechajman Komisyon Taksi ak Limouzin

NYC.GOV/TLCUP (TLC UP) se yon mwayen rapid, fasil ak pratik pou ranpli egzijans aplikasyon an, telechaje dosye vwayaj yo, epi gade enfòmasyon yo a tan reyèl sou lisans ou an.

Gid sa a pral bay enstriksyon etap pa etap sou fason pou itilize TLC UP.

03.09.2021

Lis Sijè yo

Lisans Chofè TLC

Medayon TLC

Lisans Machin TLC

Ou kapab jwenn nimewo lisans machin TLC ou an sou viyèt machin ou an.

Plis resous TLC UP

Ou ap jwenn videyo sou Gid Itilizatè TLC UP sou Lyen Chèn YouTubve TLC nou an:

1. https://www.youtube.com/watch?v=d87YPkRsppU

2. https://www.youtube.com/watch?v=IkUGmrEeuSA

3. https://www.youtube.com/watch?v=J2wsIHhCFfU

Konekte:

1. Ale sou NYC.GOV/TLCUP

2. Konekte grasa:
• Nimewo lisans oswa nimewo aplikasyon TLC ou an

• Kòd postal pou voye kourye (kote yo voye kourye ou)
• Senk (5) dènye chif nan Nimewo Sekirite Sosyal ou oswa Nimewo Idantifikasyon Anplwayè ou.

3. Klike sou bouton 'Sign In' (Konekte).

(REMAK: TLC UP baze sou lisans epi ou pral wè sèlman enfòmasyon ki gen pou wè ak nimewo lisans ou te konkete ak li a. Pa egzanp, si ou konekte ak lisans chofè ou an, ou pral wè sèlman enfòmasyon ki gen pou wè ak lisans chofè ou an. Si ou konekte ak lisans machin ou an, ou pral wè sèlman enfòmasyon ki gen pou wè ak lisans machin ou an.)

Kontinye nan pwochen paj la >>

Verifye imèl ou: (Sa ka pa aplikab pou tout chofè ki gen lisans nan moman koneksyon an.)

A. Si se premye fwa ou ap konekte nan TLC UP, yo pral mande ou pou verifye adrès imèl ou.

B. Pou verifye adrès imèl ou, tape imèl ou nan bwat tèks la epi klike sou 'Submit' (Soumèt). Epi, fèmen aplikasyon an.

C. Tousuit apre, ou pral resevwa yon imèl verifikasyon TLC voye ki mande ou pou verifye adrès imèl sa a.

D. Klike sou lyen ki nan imèl la. (Si ou pa kapab klike sou lyen an, kopye epi kole li nan navigatè entènèt ou an.)

E. Ou verifye imèl ou an kounye a. Rekonekte nan TLC Up.

1. Pou wè enfòmasyon jeneral sou lisans ou an, navige nan seksyon ki gen tit 'License Snapshot' (Foto Lisans) nan paj prensipal la.

2. Klike sou bouton 'Show More +' (Afiche Plis +) pou agrandi seksyon an.

3. Navige nan chan yo pou jwenn enfòmasyon ki enterese ou yo. Selon tip lisans ou an, yo pral montre ou plizyè chan enfòmasyon ki diferan.

(Egzanp chan yo gen ladan: estati lisans lan, dat ekspirasyon lisans lan, orè tès dwòg la, ak peryòd asirans machin lan.)

Pou Antant yo:

1. Pou wè antant yo, navige nan seksyon ki rele 'Settlement Information' (Enfòmasyon sou Antant) lan nan paj prensipal la.

2. Klike sou bouton 'Show More +' (Afiche Plis +) pou agrandi seksyon an.

3. Si ou gen antant ki louvri, yon apèsi sou chak antant pral afiche la a. Pou yon rezime detaye sou chak antant ak sa pou fè apre, Klike sou bouton 'More Info' (Plis Enfòmasyon) ki sou bò dwat la.


Pou Sispansyon yo:

1. Pou wè antant yo, navige nan seksyon ki rele 'Suspension Information' (Enfòmasyon sou Sispansyon) nan paj prensipal la.

2. Klike sou bouton 'Show More +' (Afiche Plis +) pou agrandi seksyon an.

3. Si ou gen sispansyon ki louvri, yon apèsi sou chak sispansyon pral afiche la a. Pou yon rezime detaye sou chak sispansyon ak sa pou fè apre, Klike sou bouton 'More Info' (Plis Enfòmasyon) ki sou bò dwat la.

Pou Sitasyon yo:

1. Pou wè sitasyon yo, navige nan seksyon ki rele 'Summons Information' (Enfòmasyon sou Sitasyon) nan paj prensipal la.

2. Klike sou bouton 'Show More +' (Afiche Plis +) pou agrandi seksyon an.

3. Si ou gen sitasyon ki louvri, yon apèsi sou chak sitasyon pral afiche la a. Pou yon rezime detaye sou chak sitasyon ak sa pou fè apre, Klike sou bouton 'More Info' (Plis Enfòmasyon) ki sou bò dwat la.

Fason pou verifye egzijans yo - Chofè, Machin

1. Pou wè ki egzijans ki genyen ou nouvo aplikasyon ou an oswa aplikasyon pou renouvèlman ou an, klike sou mo 'MENU' (MENI) anlè adwat paj la epi klike sou mo 'Requirements (Egzijans)' lan.

2. Navige nan seksyon ki rele 'Requirements' (Egzijans) lan. Anba seksyon sa a, ou pral wè yon seksyon ki rele 'Missing Requirements' (Egzijans ki Manke) ak yon lòt rele 'Other Requirements' (Lòt Egzijans). 'Missing Requirements' (Egzijans ki Manke) yo se egzijans ki mande ou pou telechaje yon dokiman. 'Other Requirements' (Lòt Egzijans) pa mande pou telechaje yon dokiman, men depreferans fè ou sonje pou fè yon bagay (egzanp: fè yon tès dwòg).

3. Pou wè plis enfòmasyon sou egzijans lan, klike sou '(?)' ble ki toupre non egzijans lan.

Fason pou soumèt egzijans aplikasyon yo- Chofè, Machin

1. Pou telechaje dokiman pou satisfè egzijans yo, klike sou mo 'MENU' (MENI) anlè adwat paj la epi klike sou mo 'Requirements' (Egzijans) lan.

2. Navige nan seksyon ki rele 'Requirements' (Egzijans) lan. Si ou gen egzijans kimande yon telechajman, ou pral wè yonn kaz ou ka klike epi non egzijans lan anba mo 'Missing Requirement' (Egzijans ki Manke).

3. Pou wè plis enfòmasyon sou egzijans lan, klike sou '(?)' ble ki toupre non egzijans lan.

4. Pou telechaje yon dokiman pou egzijans lan, klike sou kaz ki toupre mo a. Apresa, klike sou 'Choose File' (Chwazi Fichye). An fonksyon aparèy ou genyen an, yo pral ba ou opsyon pou swa telechaje yon fichye oswa fè yon foto ak kamera aparèy ou a.

5. Anfen, klike sou 'Submit' (Soumèt).

6. Pou konfime ou te rive telechaje dokiman an, navige nan seksyon ki gen tit 'Show Application Uploads' (Afiche Telechajman Aplikasyon yo). Fichye a pral afiche la a.

My Contact Info

Requirements

Missing Requirements

☐ Copy of DMV Drivers License ❓
☐ Defensive Driving Course ❓
☐ Medical Clearance ❓

Other Requirements (cannot be uploaded but must be completed in order

• Authorized Driver Education Training ❓
• Drug test ❓
• Fingerprints needed ❓

...ach a file (no larger than 15mb) containing items checked off above by clicki...

Choose File | No file chosen

Submit

Show Application Uploads   −

| Date	File	Delete File?
Jan 29, 2021	Capture.JPG	✗

Fason pou verifye estati egzijans aplikasyon yo - Chofè, Machin

1. Pou verifye estati yon dokiman ou telechaje, klike sou mo 'MENU' (MENI) anlè adwat paj la epi klike sou mo 'Requirements' (Egzijans) lan.

2. Navige nan seksyon ki rele 'Show Application Uploads' (Afiche Telechajman Aplikasyon yo) Nan seksyon sa a, ou pral wè dokiman ou te telechaje pou aplikasyon an.

3. Ou pral wè non egzijans lan ak yon estati tou. Deskripsyon pou chak estati disponib nan seksyon 'Submission Guide' (Gid pou Soumisyon) la.

My Contact Info

Requirements

MENU

Show Less -

Show Application Uploads

Date	File	Delete File?
Jan 29, 2021 01:36 PM	Capture.JPG Pending Pending	✗

Submission Guide

Please note that only a document where all requirements are in a pending status can be removed by clicking on the ✗ nex

Accepted	Your file has been reviewed and complies with the marked requirement.
Rejected	Your file has been reviewed but does not comply with the marked requirement. The reason for the rejection
Pending	Your file has been sent to the TLC and has not been reviewed yet.
In Progress	Your file has been sent to the TLC and is under review.
Closed	Compliance for this requirement is no longer necessary.
Compiled	This requirement has already been satisfied by other sources.

1. Pou soumèt afimasyon yon baz, kòmanse konekte avèk yon lisans baz.

2. Depi ou nan TLC UP, klike sou mo 'MENU' (MENI) anlè adwat paj la epi klike sou 'Base Affirmation' (Afimasyon Baz).

3. Verifye lang lan nan seksyon 'Base Affirmation' (Afimasyon Baz) la. Si ou dakò, antre idantifikasyon machin lan (VIN) ak imèl pou machin ou vle afilye ak baz ou a.

4. Endike si machin lan 'Wheelchair Accessible' (Aksesib pou Chèz Woulant), 'Lease to Own' (Lwe pou Posede), oswa 'Battery Electric' (Batri Elektrik). Kèk kesyon anplis ka parèt selon chwa ou fè a.

5. Anfen, klike sou 'Submit' (Soumèt). Depi afimasyon an fini, mèt machin lan pral resevwa yon notifikasyon nan imèl epi afimasyon an pral reflete nan seksyon ki gen tit 'Submission History' (Istorik Soumisyon).

1. Pou soumèt dosye vwayaj pou baz ou an, kòmanse konekte avèk yon lisans baz.

2. Depi ou nan TLC UP, klike sou mo 'MENU' (MENI) anlè adwat paj la epi klike sou 'Trip Records' (Dosye Vwayaj).

3. Klike sou chan dat kòmansman ak chan dat finisman an epi itilize almanak la pou endike ki lè ou soumèt dosye vwayaj la.

4. Klike sou 'Choose File' (Chwazi Fichye) epi chwazi fichye ou vle telechaje a. Fòma fichye yo kapab se ".CSV", ".XLS", ".XLSX".

5. Anfen, klike sou 'Submit' (Soumèt). Depi ou telechaje dokiman an, seksyon 'Submission History' (Istorik Soumisyon) pral chanje.

Base Affirmation

② MENU ≡

→ Trip Records

Show Less

Help

NYC
Taxi & Limousine Commission

Trip Records

③ upload your trip records, please select the start date, end date and attach your trip records file in .csv, .xls or .xlsx format.

Start Date:

End Date:

④

Attachment:

Choose File | No file chosen

⑤

Submit

Submission History

Date		File Name

As of Jun 01, 2020 03:05 PM

1. Pou soumèt notifikasyon plak pou yon machin, kòmanse konekte avèk yon lisans baz oswa machin.

2. Depi ou nan TLC UP, klike sou mo 'MENU' (MENI) anlè adwat paj la epi klike sou 'Plate Notification' (Notifikasyon Plak).

3. Verifye lang lan. Si ou dakò, antre nimewo aplikasyon oswa nimewo lisans machin lan, sis (6) dènye chif nan nimewo idantifikasyon machin lan (vehicle identification number, VIN), nimewo plak la, ak eta ki bay plak la.

4. Anfen, klike sou 'Submit' (Soumèt).

5. Si ou se yon baz ki ap soumèt notifikasyon plak la pou yon machin, ou pral istorik soumisyon ou an nan seksyon Submission History' (Istorik Soumisyon).

My Contact Info

MENU

→ Plate Notification

Show Less -

Plate Notification

The plate notification can be submitted by the vehicle owner or affiliated Base.

A plate notification must be submitted to the TLC before a TLC vehicle inspection can be scheduled.

The plate information submitted must match the information with the Department of Motor Vehicles (DMV).

If you have submitted your vehicle application to the TLC, **you are affiliated to a Street Hail Livery (SHL) Per** that you have received your license plates. You will receive a Hack Up letter in the mail. Bring your vehicle with completed there.

TLC Application or License Number:

Last 6 of VIN:

Plate Number:

State:

(NY) New York

Submit

Submission History

Fason pou wè yon lis machin ki afilye ak estati pèmi SHL yo- Baz

1. Pou wè machin yo ak pèmi taksi ki pran moun nan lari ki afilye ak baz ou a, kòmanse konekte avèk lisans baz ou a.


2. Depi ou nan TLC UP, klike sou mo 'MENU' (MENI) anlè adwat paj la epi klike sou 'Active Affiliations' (Afilyasyon ki Aktif yo).

3. Yo pral montre ou yon tablo ki gen tout machin ki afilye ak baz ou a. Pou wè tout taksi ki pran moun nan lari yo, klike sou mo 'SHL' la nan bouton chanjman mòd la.

4. Pou filtre rezilta yo, ale nan chèche selon mo 'Search by Application / License / Permit' (Chèche selon nimewo Aplikasyon / Lisans / Pèmi) ak kalite nan nimewo aplikasyon, lisans oswa pèmi ou ap chèche a.

5. Pou triye rezilta yo, klike sou flèch nwa ki nan antèt tablo a.

6. Pou telechaje rezilta yo antanke fichye ".CSV", klike sou opsyon 'Export' (Ekspòte) a.

Kontinye nan pwochen paj la >>

Fason pou wè yon lis estati medayon afilye ki aktif- Ajan

1. Pou wè medayon ou jere yo, kòmanse konekte avèk lisans ajan ou an.

2. Depi ou nan TLC UP, klike sou mo 'MENU' (MENI) anlè adwat paj la epi klike sou 'Active Affiliations' (Afilyasyon ki Aktif yo).

3. Yo pral montre ou yon tablo ki gen tout medayon ou ap jere yo.

4. Pou filtre rezilta yo, ale nan chèche selon mo 'Search by Application / License / Permit' (Chèche selon nimewo Aplikasyon / Lisans / Pèmi) ak kalite nan medayon ou ap chèche a.

5. Pou triye rezilta yo, klike sou flèch nwa ki nan antèt lis la.

6. Pou telechaje rezilta yo antanke fichye ".CSV", klike sou opsyon 'Export' (Ekspòte) a.

Fason pou wè egzijans pou aksesibilite yo-Medayon

1. Pou wè enfòmasyon sou egzijans pou aksesibilite pou medayon ou an, kòmanse konekte nan lisans medayon w lan.

2. Depi ou nan TLC UP, navige nan seksyon 'License Snapshot' (Foto Lisans) nan paj prensipal la.

3. Klike sou bouton 'Show More +' (Afiche Plis +) pou agrandi seksyon an.

4. Navige nan chan ki rele 'Next Vehicle WAV Requirement' (Egzijans WAV pou Pwochen Machin). Si medayon w lan endepandan, san limit, chan sa a pral di ou egzijans aksesibilite ou yo.

Fason pou wè egzijans pou aksesibilite yo-Ajan

1. Pou wè egzijans pou aksesibilite pou medayon ou jere yo, kòmanse konekte avèk lisans ajan ou an.

2. Depi ou nan TLC UP, klike sou mo 'MENU' (MENI) anlè adwat paj la epi klike sou 'Active Affiliations' (Afilyasyon ki Aktif yo).

3. Yo pral montre ou yon tablo ki gen tout medayon ou ap jere yo.

4. Pou wè egzijans pou aksesibilite a, gade kolòn ki plis adwat nan tablo a. Sa gen ladan enfòmsyon sou egzijans pou aksesibilite a pou medayon endepandan ki san limit yo.

5. Pou filtre rezilta yo, ale nan chèche selon mo 'Search by Application / License / Permit' (Chèche selon nimewo Aplikasyon / Lisans / Pèmi) ak kalite nan medayon ou ap chèche a.

6. Pou triye rezilta yo, klike sou flèch nwa ki nan antèt tablo a.

7. Pou telechaje rezilta yo antanke fichye ".CSV", klike sou opsyon 'Export' (Ekspòte) a.